

26 Oktòb 2020

Chè fanmi,

Pandan mwa pase a, mwen t ap vizite lekòl nan vil la epi mwen te santi yon lanmou kominote ki djanm ni anpèsòn ni vityèl. Mwen te espesyalman fyè pou wè lekòl nou yo k ap ankouraje anviwònman aprantisaj ansektite ak ansante----ni andedan ni deyò. Nan chak klas mwen wè, elèv ak manm estaf yo te angaje pou pwoteje sante ak sekirite yonn lòt, yo te mete mask, yo te kenbe distans fizik ak lòt bagay ankò. Kit pitit ou a ap aprann lekòl pou yon pati nan semèn lan kit l ap aprann totalman adistans, asire bon kalite eksperyans aprantisaj san danje rete premye priyorite nou.

Pandan trajè aprantisaj pitit ou a ap kontinye ane sa a, li enpòtan pou w okouran pwogrè l ap fè. Nòt yo bay yon langaj komen pou konprann ak kominike avèk pwofesè pitit ou sou fòs li ak domèn ki bezwen amelyore. Sepandan, akòz defi n ap rankontre ansanm pandan pandemi COVID-19 la, nou rekonèt bezwen ki genyen pou revize regleman pou bay nòt nou an. Nan lèt sa a, m ap pataje enfòmasyon sou regleman pou bay nòt pou ane lekòl 2020-21 an.

Tanpri sonje regleman nou an gen ladan kòmantè ki soti nan kominote lekòl yo, nan men lidè lekòl yo ak nan men plizyè lòt konsène nan vil la. Nou tandè klè ak byen fò ke pandan elèv kontinye ap adapte avèk aprantisaj adistans ak aprantisaj miks la, regleman pou bay nòt nou an dwe evolye tou pou satisfè bezwen akademik ak sosyoemosyonèl elèv nou yo. Regleman pou bay nòt ane 2020-21 an vize ofri w yon lide klè sou pwogrè pitit ou a pandan n ap onore eksperyans endividyèl chak elèv k ap adapte ak nouvo mwayen aprantisaj yo.

### **Kisa ou bezwen konnen sou bay nòt nan ane lekòl 2020-21 an**

Men kèk eleman kle pou regleman pou bay nòt ane sa a:

- Y ap toujou bay elèv nòt dapre pwogrè ak pèfòmans akademik, lè yo konsidere tout ansanm travay elèv yo nan chak matyè. Nòt yo montre nivo konpreyansyon ak kapasite elèv yo nan yon matyè apati yon moman presi.
- Ane sa a, chak lekòl chwazi pwòp echèl pa l pou bay nòt pami plizyè opsyon. Men egzanp echèl komen pou bay nòt: echèl 1-4 , echèl nimerik (100 pwen) ak echèl alfabetik (A-D).
- Regleman lekòl yo pou bay nòt ap gen ladan nouvo mwayen elèv yo fè devwa nan modèl aprantisaj miks ak aprantisaj adistans . Sa vle di fleksiblite nan devwa, bay elèv yo diferan mwayen pou montre sa yo aprann, ak lòt ankò.
- Fanmi yo gen fleksiblite nan detèmine kòman pou nòt final yo parèt nan dosye elèv yo. Se yon opsyon pou fanmi ki prefere pou pèfòmans pitit yo parèt plis jeneral (tankou "Pase" olye yon nòt nimerik) pandan y ap kontinye adapte avèk aprantisaj adistans ak aprantisaj miks lan.
- Anplis, elèv yo p ap resevwa nòt ki di yo echwe si yo poko satisfè rezilta aprantisaj la pou kou yo; y ap resevwa yon lòt mak pito ("bezwen amelyorasyon" oswa "kou a ankou" sa depann nivo klas la) epi y ap bay tan ak sipò anplis pou asire yo ka metrize konsèp kou a ak pran kredi dapre sa ki apwopriye a.
- pandan elèv yo dwe kontinye patisipe nan aprantisaj adistans ak miks lan chak jou, prezans p ap yon faktè nan nòt elèv yo. Ale lekòl, patisipe nan klas ak montre konpreyansyon tout se eleman esansyèl nan aprantisaj elèv epi kominote lekòl yo dwe fè tout efò pou asire elèv yo ale lekòl, avèk yon objektif pou chak elèv, chak jou.

### **Rezime eleman enpòtan regleman pou bay nòt an 2020-21**

Klas	Rezime regleman pou bay nòt
3K ak Pre-K	Pa gen chanjman paske elèv yo pa resevwa kanè ni nòt.
K – 5yèm ane	Lekòl yo chwazi echèl pa yo pou bay nòt pou peryòd egzamen ak nòt final. Elèv yo ap resevwa nòt : "bezwen amelyorasyon" ("needs improvement", N) olye nòt ki di yo echwe. Paran/responsab yo ka chwazi pou yo chanje nenpòt nòt pasaj an yon nòt ki di "satisfè nòm" ("meets standards", MT).
6yèm – 8yèm ane	Lekòl yo chwazi echèl pa yo pou bay nòt pou peryòd egzamen ak nòt final. Elèv yo ap resevwa nòt "kou a ankou" ("course in progress", N) olye nòt ki di yo echwe. Paran/responsab yo ka chwazi pou yo chanje nenpòt nòt pasaj an nòt ki di "Pase " Pass, P) Yo p ap konsidere nòt "P" yo kòm yon faktè nan GPA elèv yo.
9yèm – 12yèm ane	Lekòl yo chwazi echèl pa yo pou bay nòt pou peryòd egzamen ak nòt final. Elèv yo ap resevwa nòt "kou a ankou" ("course in progress", N) olye nòt ki di yo echwe. Paran/responsab yo ka chwazi pou yo chanje nenpòt nòt pasaj an yon nòt pasaj ki di "kredi" ("credit", CR). Yo p ap konsidere nòt "CR" yo kòm yon faktè nan GPA elèv yo.

Si elèv lekòl presegondè oswa segondè w la resevwa yon nòt "course in progress", lekòl li a ap sipòte li pou kontinye aprantisaj li apre fen semès la, dapre sa ki apwopriye pou nivo klas la ak matyè debaz la. Pwofesè yo pral vize enstriksyon pou bezwen endividyèl chak elèv. Ansanm, sa pral ede elèv ou a fè pwogrè pou atenn rezilta aprantisaj pou kou yo.

### Si w bezwen plis enfòmasyon

Ou ta dwe kontakte pwofesè pitit ou a oswa direktè a pou plis enfòmasyon sou pwogrè pitit ou a ak sou atant lekòl la ak echèl pou bay nòt yo. Lè lekòl pitit ou a bay kanè, nòt pitit ou a ap parèt tou nan kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) ou [amystudent.nyc.gov](https://mystudent.nyc.gov). Si w pa gen yon NYCSA, ale sou [schools.nyc.gov/nycsa](https://schools.nyc.gov/nycsa) oswa kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.

### Peryòd pou antre nan aprantisaj mik: 2-15 Novanm 2020

Tanpri sonje, nan yon titan ankò fanmi ki nan aprantisaj adistans konplè yo pral gen chwa pou rantre nan aprantisaj mik, sa vle di elèv yo pral aprann nan bilding lekòl la pou yon pati nan semèn lan, epi adistans lakay nan res semèn lan. Apati lendi 2 novanm rive dimanch 15 novanm, fanmi yo pral gen chwa pou ranpli yon [fòm](#) pou di yo ta renmen chanje mòd aprantisaj yo pi renmen an. Elèv ki kite adistans pou rantre nan mik pral kòmanse aprantisaj anpèsò ant semèn 30 novanm ak 7 desanm epi lekòl pa yo ap fè yo konnen dat y ap kòmanse ak orè yo. Lekòl yo ap fè tout efò pou akomode demand sa yo dapre pwogram ak plas ki disponib.

Kòm dabidid, nou rekonesan pou kolaborasyon w nan edikasyon pitit ou a. Nou rete konsantre sou bay yon eksperyans aprantisaj ki djanm, favorab, angajan pou elèv ou a, kèlkeswa kote l ap aprann. Nouvo regleman pou bay nòt nou an onore travay di l ap fè l—ak travay pa w —pandan moman difisil sa a. N ap kontinye sipòte oumenm ak pitit ou a nan chak pa wout la.



Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Richard A. Carranza', written in a cursive style.

Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

P.S.: Si w ta renmen gen plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon espesifikman sou sante ak sekirite nan lekòl nou yo, tanpri vin patisipe avèk nou Madi sa a ant 6:30 ak 7:30pm nan yon reyinyon kominotè adistans (#NYCOOfficeHours teletownhall). Sèlman konpoze 1-800-280-9461 a 6:30pm pou tande dirèkteman ekspè k ap pale!